

INTRODUCING “DE GIDON” GENRE

Reynald Altéma, MD

In our vibrant Kreyol vernacular, we have an expression “de gidon” that vividly depicts riding a bike without holding the handlebars. As a metaphor, it embodies freedom, exuberance, and creativity. An approximate word in English would be “carefree” and in both English and French, “insouciant.” There's no direct translation in English or French that captures its simplicity, catchiness, and cheekiness. So, instead of searching for an equivalent, let's embrace it as a unique part of our storytelling lexicon.

So, what is the “de gidon” genre? Well, it's a fun and creative way to have a narrative where there is a storyteller, and its persona is as intriguing as the story. Another way of explaining it is to position the reader as a voyeur peering into the mind of a storyteller, to see him/her in action developing the craft. A story within a story is nothing new for sure, but having the gall to call this style “de gidon” is audacious without any doubt. Then again, why not? Boredom has a spontaneous way of seeping and taking residence in any monotonous setting or construct. Fear of failure ought never be a good enough reason for not trying to heed one's creative instincts. So here we go. I will write a few short stories in that genre using the three languages we commonly use: Kreyol, English, and French. To do the honors, the debut will go to Kreyol. So, sit back and enjoy, hopefully.

BÒZÒ

Reynald Altéma, MD

Nan Kanperin, te gen yon potarik gason ke tout moun te konnen sou non Bòzò tank monkonpè te bwòdè e te gen bon bouch. Youn nan pasyon nèg-pa se te rakonte lodyans (Yon ti zorèy te simaye nouvèl ke Bòzò te renmen koze ak fanm tou). Nenpòt koze ki tonbe nan zòrèy gason an, li gen pou ba l dwèt, mase l, plòtonen l e lè l fini ak li, w ap gen difikilte pou rekonèt li tèlman li boloze ak li pou fè l gen piman. Gen moun ki di ke l pran yon koze chifonnen e l remèt li tifi, byen eskanpe. Yo nèk bay monkonpè yon po kafe e l ap touye w avèk lodyans nèt al kole. Epoutan, ou pa ta janm kwè ke timoun rechiya ke l teye lontan te ka bay kalte nèg sa a. Lò li te piti, li te karèt, renka, pè moun, souse dwèt, pa vle manje e mèt kò kaw. Lè sa a, yo te ba l ti non “Ti-zo.” Kidonk, Ti-zo ak Bòzò te de moun diferan kou chen ak chat ousnon de bagay ki pa melanje kou lèt ak citwon. Sepandan sa moun pa konprann, fòk li te pase pa Ti-zo pou l te ka vini Bòzò.

Chanjman sa a mande yon eksplikasyon. Epòk sila a nan vi l, te diferan. Manman l tap elve l san papa l ki te fonn kou bè sou yon chodyè cho, lè l aprann manman l ansent. Ti moun pa t jwe ak li e souvan yo te konn ba l kou. Li te blije fè ti Jezi nan po krab li pou moun te bliye l. Pandan tan sa a, li t ap obsève ki jan moun aji, pale, joure. Se konsa l te vin aprann imite vwa lòt moun poukont li. Li te fè sèman ke lè l vin gran, fòk li vin gen gwo fòs kou bèf bito, gwo bibit kou yon gason barak. Nèg-pa a laj 12 an te pèdi manman l e l te vin abite kay matant li, yon gwo machann manje ki te gen bon men. Matant li te pran grap plezi nan bay mouche bon bouyon pye bèf, mayi moulen ak aran sò, akasan, tout kalte toufe fèy. Matant lan te deklare l ke l dwe kite koze ti gason petevi paske nan fanmi l, gason pote pantalon e yo gen gwo bibit. Li pa t pran lontan pou nèg anm vin renmen manje e aprann bat fè.

Sa ki pi bèl nan koze a sèke mari matant li, bòs Franswa, vin sèvi l kòm papa. Yon bagay li t ap cheche anlè vin tonbe atè nan pye l brid soukou. Bòs Franswa te renmen tire kont le swa. Bòzò te renmen koute kont k ap tire. Bòs Franswa te lese l konnen pou l koute kont, fòk asyèt li fin manje a pat gen yon grenn mayi, diri ouswa pwa ladan l. Kelkeswa kantite manje yo ba li, li

dwe vale tout. Pou l te ka tande kont, li pa t gen chwa ke manje e mete kran. Pa t gen afè souse dwèt, kriye e pè lòt timoun. Non! Gason vanyan dwe mouri doubout tan pou l ajenou devan patwon! Se sa yo te aprann li. Tranziyon an te total paske te gen plizyè fòs ki te makòne ansanm: Bòzò te renmen imite moun, mononk e matant li te blije l met gason sou li. Chak fòs te enpòtan, men konbinezon tout te fè yon gwo diferans. Pitimi pa donnen zaboka. Kifè Ti-zo vin Gwo-zo e kòm bòs Franswa te chelbè, eben kanmarad la aprann vin bwòdè tou; kòm matant li te bezwen l vanyan eben li vin goumen ak lòt poy li lè yo soti pou bal zoklo ou syad. Lè konsa, li bayo so kabrit. Li vin gen repitasyon lwijan-boje. Plis misye ap pran fòs fizik, plis li vin gen konfyans nan tèt li. Konfyans pou pale an piblik, di sa l panse e aji nòmàl.

Premye fwa ke moun te remake ke Bòzò te gen kichoy lakay li nan bay istwa, sete yon jou apre gagè. Kòk Ti-mal te pèdi. Men kijan Bòzò te rakonte l:

Ti mal nan fè ekonomi bout chandèl pa kwè nan bay bèt la manje. Mouche kite l san swen kou pitimi san gaddò. Ou nèk soufle sou kòk la li t ap tonbe atè. Anplis, zepon l apèn devlope si tèlman l chetif. Ou te deja konnen sa k ta pwal pase. Adye frè, lòt kòk la gade l nan je sèlman e w te wè l te fè l pè. Ti-Mal mechan, li pat dwe al nan bat kòk. Bat kòk pa vle di sakrifye bèt. Ti-Mal gen je chèch! Anplis de sa, li vle moun parye sou kòk la. Yo rele sa abi. Li pa respekte piblik la nonplis.

Jan de koze sa a te fè moun ri pou pa chape. Bèl fisik ak mache bòzò zanmi nou, te fè li jwenn non jwèt Bòzò. Konfyans nan tèt li te pouse l al etidye e se konsa li vin pwofesè lekòl e li vin ateri nan Kanperen. Le maten lò li pwal travay, fòk li pase douvan kay direktè lekòl la. Madan dirèk ki t ap chèche pou Bòzò fè yon afè ak ti sè l, te toujou ensiste pou l chita lakay li pou bwè yon tas kafe. (Koze Bòzò ak ti sè sa a se bagay pou rakonte apa, tèlman li pike.) Eben lè konsa, sete okazyon pou Bòzò fè ti pale e aprann sa k ap pase nan kanton an. Istwa ki fè anpil bouch bat se te yon jèn ti bòn nan prezbitè a ki vin ansent e tout moun ap mande kiyès ki papa a. Natirèlman, lò ti bebe a fèt e soti grimo, tandis ke manman l nwa kou chabon, tout dwèt dirije sou monpè. Se te yon blan franse ki te soti an Bretay. Alò lè moun ap pale pou di sa k pase a, yo nèk di:

Te gen yon ti bòn ki t ap travay nan legliz ki tonbe ansent. Pitit la sanble yon kwaze ant manman l e monpè ki soti an Frans.

Bòzò pran tan l pou envistige sou chak moun yo epi avan lontan li konpoze yon lodyans ki merite pou chita sou chèz-ba pou tande l. Se te yon samdi swa e yon gwoup zanmi te reyini kay note a Anwo Kan. Tout moun te chita sou pewon an e se te bèl spektak. Te gen yon bon briz ak yon odè fèy jasmen melanje ak ilan-ilan ki te fè w anvè dodomeya. Zetwal nan syèl la te fè mikalaw, ou ta di w ap gade pakèt wowoli klere ki kole sou yon bèl nap byen bwode ke yo pwojte sou ekran. Bòzò te sou katriyèm tas kafe l e blag t ap bay tèt kale. Samdi swa pa t ap samdi swa an Ayiti san w pa tande tanbou k ap bat nan distans. Men kisa Bòzò di:

Yon jenn ti bway ki soti lekòl an Frans te kilbite vin tonbe lakay nou. Kote l soti a, solèy la te kagou, fredy te 2 pou senk; tanperati a te mòksis ou ta di zonbi ki t ap bat madanm li chak jou. Jenn ti bway sa se monpè li te ye. Nan peyi l, li pa t abitye wè fanm ak gwo dada. Kòm gason, mouche te vyèj. Monkonpè vin rankontre tanperati kote zonbi ap fè lanmou a madanm li, kote medam yo

posede de bèl dèyè ki souke pi dous ke resò kabann lè ya p mache. Ki pi plis li tonbe manje manje pike ki gen nanm ladan l olye de manje fad lakay li. Bagay sa yo aji sou sèvo monpè. Avantou, se gason li ye! Imaj yon bèl fanm byen anfòm pa ka kite yon nonm san reyaksyon. Nou gen san nan venn nou e nou pa mòso bwa, fòk nou ka konprann sa. Mezanmi depi ki lè ti konkonm ap goumen ak berejèn? Eben gen yon seri de bagay ou pa ka chanje nan lavi. Kay monpè, chak jou gen yon ti demwazèl bèl nègès avèk yon bèl pè tete won kou chadèk, de gwo wou kap kadanse kòm dada. Li te gen bèl jansiv vyolèt ki di w vin nou fè peche ansanm. Amwens ke san pa koule nan venn ou, ou pa ka dim ke kò w pa p reyaji. Ti demwazèl la pa t sòt nonplis. Se pòv malerèz li ye e li konn wè ki kantite lajan kèt la pote chak jou. «Je wè bouch pe.» pa vle di pa panse, pa reve. Je wè bay anvi; anvi bay tantasyon; tantasyon fè komèt aksyon. Kidonk monpè yon jou, apre l fin manje yon bon lanbi, gen yon sèl chalè ki prann l ke l pa t kab kontwole. Li di manmzèl mèsè pou bon manje sa a ke l te ba li a. Manmzèl souri paske l konnen ki efè lanbi gen sou moun e li te fè ekspres pou kuit li. Monpè pase men l nan ren l epi manmzèl souri ankò. Sa w tandè a, chalè soti depi nan tèt monpè e desann nan fant janm li. Yo kòmanse fè ti jwèt; ti jwèt mennen gwo jwèt. Gwo jwèt yon fwa mennen gwo jwèt yon lòt fwa. Gwo jwèt plis ke de fwa vin bay abitud. Abitud gwo jwèt san kapòt vle di ansent.

Mezanmi sa se ekzanp sa Bòzò ka kreye e lè l ap di l, ton vwa l sèlman te kont pou fè w ri jouskaske zo kòt ou fè w mal. Nèg-pa depi l tandè yon bagay, li ka pran tan l pou transfòme l jan l vle. Se konsa yon lòt samdi li vin rakonte istwa sou fiyèt lalo lò li tandè timoun ki t ap fè wonn chante yon jou lè l ap sot travay:

*Ti zwazo koute w prale?
M ap prale kay fiyèt Lalo
Fiyèt Lalo konn manje ti moun
Si w ale la manje w tou.
Brit kolobrit, brit kolobrit,
Rosiyòl manje kowosòl*

Men sa Bòzò envante pou l te sèvi zanmi l yo:

Te gen yon ti zwazo ki te renmen chante anpil. Yo te rele l rosiyòl. Se te maestro yon òkès ki te genyen pipirit, toutrèl, pijon. Nan tout chante, se li ki pou te fè solo. Zwazo sila yo te konn rankontre nan yon gwo pye kenèp nan yon kafou kat chemen. Pye kenèp la te bay sou lantouraj yon madanm ki te mechan. Yo te rele l Gwo-siwo e tout ti moun te pèl paske li pa t manje anyen frèt. Kafou sa a te ranpli anpil fonksyon. Se la elèv lekòl te konn rasanble pou yo achte pistach, fresco, wayal. Lè lekòl lage, se la y

al batay oubyen ti fi ak ti gason ki te renmen ta l kanpe pou koze. Pita se la moun te ale pou achte fritay oubyen bwè tafya. E lè tout moun t ap dòmi se la tout kalite gòmagòg te kòn fèt.

Lè moun renmen te kòn al pale anba pye bwa a se lè sa a òkès zwazo yo te pwofite voye monte avèk rosiyòl kòm sèl chèf kanbiz e li t ap fè kalinda nan solo.

Gwo-siwo te gen yon mennaj ki te rele Anòl. Li te yon tonton ki te toujou mache avèk dyakout li e katya pikan l ladan l e li te renmen fimèn kachimbo. Se pou sa yo te rele l tonton-makout. Anòl te gen mès:

Li te yon nòm saf. Li te renmen manje anpil e chak aprè midi, li te pase kay Gwo-siwo pou la l pran gwo bòl diri l. Lakay li, se fòkseli sèlman li te konn jwen. Gwo-siwo te fè komès manje e li te gwo madan-sara. Lè Anòl devan pil manje a ou pa t ka wè figi l.

Li te tripòt e te renmen antre nan tout sòs. Li te pran plezi ap koute jèn moun yo ki t ap koze. Te gen jouda ki te di Gwo-siwo ke tanzantan Anòl te konn koze ak demwazèl yo tou. Sa pat antre nan santiman Gwo-siwo di tou. Ide ke rosiyòl ap chante e Anòl k ap koze ak jèn fi te fè tèt li cho. Sa ta fè Gwo-siwo soti pout pete eskombrit e fè tout moun vole gagè lè l tandè pawol sila a.

Eben li te fè moun veye Anòl pou l te ka bare l. Se konsa yon jou pandan Anòl t ap koze ak yon demwazèl, Gwo-siwo pantan sou nèg- pa ki t ap kase bwa nan zòrey yon ti jèn fi. Gwo-siwo te an zing-de- kontraryete. Sa w tandè a, li pati ak yon bò manmzèl e deblozay eklate nan kat chemen. Se te gwo zen. Li te pwomèt manzèl ke l ap manje l kon grenn sèl si li pa t antre nan kokiy li. Depi lè sa a moun vin kwè ke li ka manje ti moun e yo te rele l fiyèt lalo. Afòs li te move kou kong, bouch li te vin long kou jòfi. Gwo-siwo te pran yon fistibal pou keyi monkonpè rosiyòl. Pou te chape po l, rosiyòl la ta l sere nan branch yon pye kowosòl.

Zen sa a te vin fè yon chante kanaval ki te pati konsa:

*Monkonpè Anòl
Nan plede anmède kòl
Pèdi bonè li nan kat chemen.
San l pa jennen
Li kite maestro rosiyòl
Fè l pèdi gwo bòl
Diri l e li dòmi san soupe.
Nan fè wondonmon
Li pran yon palavire ki fè l pe.
Nan diskisyon ak Gwo-siwo
Li pran yon gwo so
Li bliye ke fiyèt lalo
Se tokay ak Simbi nan dlo.*

*E li te pèdi pantalon l
Li te blije bay talon l
Yo di li te vini moso gason
Paske li te san kanson.
Li pèdi diri e li tounen nan fòkseli.*

Kòm yo abitye di, yo banm yon ti kout pye, mwen fè yon lakilbit epi m vin tonbe la pou rakonte nou sa.